# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–11 जून 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहले हवे कि अगिला पीढ़ी क बुनियादी ढांचा बदे भारत क कोसिस सतत अउर दीर्घकालिक दृष्टि से प्रेरित हौ। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में उहां के कहलीं कि ई आत्मनिर्भर भारत क नेइ धई रहल हौ। प्रधानमंत्री कहले कि बुनियादी ढांचा में क्रान्ति क ग्यारह साल भइल हवे। येह दौरान बहुत बढ़िया बुनियादी ढांचा बनावल गइल हौ। एहसे भारत क विकास में गति आईल हवे। उहां के कहलीं कि रेलवे से लेके राजमार्ग अउर बंदरगाह से हवाई अड्‌डा ले भारत क तेजी फइल रहल बुनियादी ढांचा नेटवर्क जिनगी के आसान बना रहल हौ अउर समृद्धि के बढ़ा रहल हौ।

**********

भारत में पछिला एक दसक में सेवा, सुसासन अउर गरीब कल्याण के सिद्धांतन क पालन करत खास बदलाव भइल हौ। आकाशवाणी समाचार पछिला ग्यारह बरिस ले देस में कई गो क्षेत्र मे सरकार क कार्यन पर खास फीचर प्रस्तुत कइ रहल हौ। ऐही क्रम में हम आजु आपके बताइब कि कवने तरह क सुधार आ अउरियों उपाइन से हर नागरिक क जिनगी असान सुरक्षित अउर सम्मानित बनल हौ।

**प्रधानमंत्री आवास योजना की शहरी श्रेणी के अंतर्गत एक करोड़ 16 लाख से अधिक घरों को मंजूरी दी गई है और लगभग 93 लाख घर पहले ही पूरी हो चुके हैं। स्मार्ट सिटी मिशन ने सात हजार पांच सौ 45 स्वीकृत परियोजनाओं में से 93ः को पूरा करके बुनियादी ढांचे को बदल दिया है। बीते एक दशक में मेट्रो नेटवर्क का विस्तार चार गुना बड़ा है। वर्ष 2014 में मेट्रो नेटवर्क 248 किलोमीटर था, जो अब बढ़कर एक हजार किलोमीटर से अधिक हो गया है। वहीं, उड़ान योजना के अंतर्गत छह सौ 25 मार्गों के माध्यम से 88 हवाई अड्डों का जुड़ाव हुआ है, जिसने आम लोगों के लिए हवाई यात्रा को सस्ता और सुलभ बना दिया है। प्रधानमंत्री जन आरोग्य योजना के अंतर्गत अब तक 41 करोड़ से अधिक आयुष्मान कार्ड जारी किए गए हैं। वहीं, जन औषधि केंद्रों की संख्या अब 16 हजार से अधिक हो गई है। डिजीलॉकर जैसे प्लेटफॉर्म से अब तक 52 करोड लोग जुड़ चुके हैं। इस प्लेटफार्म ने लोगों को जरूरी कागजात को साथ रखने की चिंता को दूर किया है। वहीं आठ करोड़ से ज्यादा उपयोगकर्ताओं वाला उमंग ऐप, दो सौ से ज्यादा विभागों की सेवाएं एक ही जगह पर उपलब्ध करवा रहा है। रहीसुद्दीन रिहान के साथ अमन यादव, आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।**

**********

प्रदेस के उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य केंद्र सरकार क ग्यारह बरिस पूरा होखे के मौका पर आजु बनारस में पत्रकार लोगिन से बतियावत सरकार क उपलब्धियन के गिनवलें। उहां के कहलीं कि प्रधानमंत्री के अगुवाइ वाला सरकार में भारत दुनिया क चउथा अर्थव्यवस्था बनि चुकल हौ। उहां के ऑपरेशन सिंदूर अउर भारत के सैन्य प्रदर्शन क प्रसंसा करत कहलीं कि ब्रह्मोस मिसाइल के रूप में देस पूरा दुनिया के सामने सामरिक दृष्टि से एगो बड़हन उपलब्धि हासिल कइले हवे।

**********

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी कहलें हवें कि बहुदलीय प्रतिनिधिमंडल कइ गो देस में जवने तरह से पहलगाम क आतंकवादी हमला अउर ऑपरेसन सिंदूर के बाद आतंकवाद खतम कइले क जरूरति के संबंध में भारत के विचारन के प्रस्तुत कइले हौ ओह पर उन्हें गर्व हौ।

प्रधानमंत्री पछिला कुछु हप्ता में दुनिया के तैंतीस देस क यात्रा करे वाले बहुदलीय प्रतिनिधि मंडल के सदस्यन से काल्हि मुलाकाति कइलें, येहमें सांसद अउर पूर्व राजनयिक सामिल रहलें।

**********

भारतीय अंतरिक्ष यात्री शुभांशु शुक्ला अउर तीनि अउरियों लोगिन क अंतरिक्ष यात्रा वाला एक्जिओम–4 मिशन एक बेरि फेर तकनीकी कारणनन से स्थगित हो गइल हौ। येह मिसन के लखनऊ क शुभांशु शुक्ला लीड कइ रहल हवे। अमरीकी अंतरिक्ष एजेंसी नासा कहले हवे कि रॉकेट क मरम्मत क कार पूरा भइले के बाद ये मिसन क नया तारीख क घोसणा कइल जाइ।

**********

आजु महान कवि अउर समाज सुधारक संत कबीर क जयंती हौ। ऐह मौका पर प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी उन्हें श्रद्धांजलि दिहले हवें।

**संत कबीरदास जी ने अपनी साखियों और दोहों के माध्यम सामाजिक समानता, शांति और भाईचारे पर बल दिया। उन्होंने कहा जाति न पूछो साधू की, पूछ लीजिए ज्ञान और लोगों से अपील की वे धर्म और जाति से ऊपर उठकर लोगों को ज्ञान के आधार पर मानें उनका सम्मान करें। उनकी बातें आज सदियों बाद भी उतनी ही प्रभावी है।**

**********

अंतरराष्ट्रीय योग दिवस पर इक्कीस जून के होखे वाले येग संगम के मेजबानी बदे देस भर से पचास हजार से बेसी संगठन पंजीकरण करवले हवे। येह बरिस क बिसय हौ **एक पृथ्वी, एक स्वास्थ्य के लिए योग** । ऐही क्रम में आजु नई दिल्ली में आकाशवाणी के रंग भवन में **कार्यस्थल पर योग** कार्यशाला क आयोजन कइल गइल। येह कार्यकरम में आकाशवाणी क महानिदेसक डाक्टर प्रज्ञा पालीवाल गौड़ अउर अतिरिक्त महानिदेसक एल मधु नागो हिस्सा लिहलीं।

**********